**НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ДЕШАРАН А, ІИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО**
**ПКУ «НОХЧИЙН МЕТТАН ИНСТИТУТ»**



# «Беза, бовза ненан мотт!»

## цIе йолу
## регионан этнографин диктант

## 2024



«Нохчийн мотт – иза къоман са ду. Мотт дийна мел бу, деха халкъан иэс, кхетам, амал, синмехаллаш. Шен мотт дӀатесча, бицбича, лар йоцуш, доьза дов халкъ».

Кадыров Ахьмад-Хьаьжин Рамзан,
Нохчийн Республикин Мехк-Да,
Россин Федерацин а, Нохчийн
Республикин а Турпалхо, Кадыров
Ахьмад-Хьаьжин орденан кавалер

# Нохчийн мотт

**1. Оханан беттан 25-гIа де Нохчийн меттан де хилар дIакхайкхийна:**

1) 2007-чу шарахь;
2) 2008-чу шарахь;
3) 2010-чу шарахь;
4) 2013-чу шарахь.

**2. 2023-чу шарахь арайаьлла «*Нохчийн меттан нийсайаздаран йоккха довзийтаран дошам*» хIоттийнчу авторех цхьаъ ву:**

1) Овхадов Муса;
2) Ахматукаев Адам;
3) Исмаилов Абу;
4) Умаров Джамбулат.

**3. ХIинцалера нохчийн абат (алфавит) кхоьллина:**

1) Iарбийн графикин буха тIехь;
2) кириллицин графикин буха тIехь;
3) эрмалойн графикин буха тIехь;
4) гуьржийн графикин буха тIехь.

**4. ХIокху дешнийн автор ву:**

«***Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь***».

1) Петр Услар;
2) Алексей Горький;
3) Александр Фадеев;
4) Лев Толстой.

**5. Дуьххьарлера нохчийн абат «*Нохчийн джуз ду хIара*» хIоттийнарг ву:**

1) Досов Къеда;
2) Ошаев Халид;
3) Солтаханов Эльбек;
4) Эльдарханов Таьштамар.

**6. ХIара дош дефисца йаздо:**

1) йуьхь(Iаьржо);
2) хIу(тосург);
3) хIо(марха);
4) сурт(дилларxо).

**7. ХIокху вариантехь дош цхьана орамах лаьтташ ду:**

1) тIобоккхург;
2) дегабаам;
3) къинхетам;
4) оьздангалла.

**8. ХIокху вариантехь хила йезачу рогIаллица дIанисйина денойн цIераш йу:**

1) шот-де, йеари-де, пIераскан-де;
2) оршот-де, шинари-де, кхаари-де;
3) кIиран-де, шинари-де, йеари-де;
4) пIераскан-де, шот-де, оршот-де.

**9. 2011-чу шарахь арайаьлла «*Нохчийн меттан этимологин словарь*» хIоттийнарг ву:**

1) Алироев ИбрехIим;
2) Вагапов Iарби;

3) Мациев Ахьмад;
4) Карасаев Айсаш.

**10.** ***Сан даг тIе сингаттам тосуш, мархашлахь къайлайелира гIаргIулийн…* ХIокху предложенехь тIадамийн метта маьIница догIу дош билгалдаккха:**
1) жут;
2) ковра;
3) арданг;
4) къепал.

**11. Дешнийн форманаш а, къамелан дакъош а Iамочу Iилманах олу:**
1) грамматика;
2) морфологи;
3) лексикологи;
4) фразеологи.

**12. ХIокху предложенехь подлежащи билгалдашах хилла ду:**
1) Дешархочо шардар сиха кхочушдира.
2) ШолгIачо байт уггар дика йийшира.
3) Иччархочо топ нийса туьйхира.
4) Воккхачо берашна хьехар дира.

**13. Iилманчина А.П. Берженa «Нохчийчоь а, нохчий а» монографи йазйеш гIо динарг ву:**
1) Шамурзаев Бота;
2) Досов Къеда;
3) Хасанов Улумби;
4) Лаудаев Умалт.

**14. ХIокху дашца дакъалг «*ца*» цхьаьна йаздо:**
1) ца (лоь);
2) ца (тан);
3) ца (гар);
4) ца (лов).

**15. ХIокху вариантехь дешан чаккхенгахь «*н*» ца догIу:**
1) Пхьеро говрана ла… туьйхира.
2) Харцо ла… хала ду.
3) Шега дуьйцучуьнга ла… ца дугIура Мохьмада.
4) Ахьмад шена тIехIоьттина хало ла… Iемина вара.

**16. ХIокху вариантехь тIеэцна дешнаш ду:**
1) йасакх, йеса, хьаьрк;
2) петар, хIусам, оти;
3) мижарг, хьолтIам, ахьар;
4) латта, гIайре, урд.

**17. ХIокху предложенехь грамматически подлежаши ду:**
1) ХIора сарахь туьйра дуьйцура бабас.
2) Стиглахь цIаьххьана мокха мархаш гулйелира.
3) Шен нана леринарг махко а лерина.
4) Балхах лаьцна къамел долийра Султана.

**18. ХIокху вариантехь дешан чаккхенгахь «*а*» хила деза:**
1) ДоттагIчо делла тур йукъах доьхк… кIанта.
2) Бабас хIора шарахь таьллангаца гIодамаш доьхк…

3) Нанас йоьIан чIабанех билзиг доьхк…
4) Жимачу Адама йукъах доьхк… дихкира.

**19. XIокху дешан цхьа маьIна бен дац:**

1) мах;
2) мекха;
3) мIара;
4) чайтаI.

**20. «*Ламанан шовда*» дешнийн цхьаьнакхетарехь билгалдашо гойту:**

1) хIуманан коьчалан билгало;
2) хIуманан меттиган билгало;
3) хIуманан долаллин билгало;
4) хIуманан хенан билгало.

**21. XIара дош тIеэцна дац:**

1) картол;
2) копаста;
3) корсам;
4) кепек.

**22. XIокху вариантехь дош шина орамах лаьтташ ду:**

1) жаIу;
2) иччархо;
3) хьархо;
4) куьпчи.

**23. XIокху вариантехь антонимаш йу:**

1) бесни – чIишталг;
2) аьрта – ира;
3) зайл – экъа;
4) къулла – хьоста

**24. XIара Iаламан хилам гойту цIердош ду:**

1) арз;
2) герз;
3) дерз;
4) фарз.

**25. Къаьстина йаздо хIара терахьдош:**

1) пхи (йалх) тетрадь;
2) ткъе (бархI) синтар;
3) шовз (ткъа) стаг;
4) кхо (диъ) шо.

**26. Нохчийн абатехь ду:**

1) 33 элп;
2) 38 элп;
3) 45 элп;
4) 49 элп.

**27. XIокху вариантехь синонимаш йу:**

1) чорда – ховха;
2) кхор – хьормат;
3) аьрга – меда;
4) чомехь – чаьмза.

**28. Лексикологин дакъа ду:**
1) морфологи;
2) дошкхоллар;
3) этимологи;
4) орфографи.

**29. Текстехь хила йезачу цIоьмалгийн терахьийн вариант билгалйаккха:**
Нохчийн уггар дикачу гIиллакхех цхьаъ ду (1) веллачун сий дар. Оцу гIиллакхо нахана доьхку стаг веллачу йукъана (2) йуьртахь ловзар дар (3) синкъерам вовшахтохар (4) веллачун доьзал бехачу кетIахула дIасавалар. Бохам хиллачу доьзалан догъэцар (5) цуьнгара бала байбан гIертар (6) нахана тIедуьллу цо.

1) 1,2,4,5;
2) 3,4,5;
3) 2,3,5;
4) 3,4,5,6.

**30. Меттиган маттах… олу:**
1) лексика;
2) диалект;
3) фонетика;
4) акцент.

**31. XIокху дашехь тIадамийн метта «*е*» элп хIотто деза:**
1) пI…лдиг;
2) т…лсаш;
3) б…ртиг;
4) хь…вда.

**32. «*ЦIестан кIудал*» дешнийн цхьаьнакхетарехь билгалдашо гойту:**
1) хIуманан коьчалан билгало;
2) хIуманан меттиган билгало;
3) хIуманан долаллин билгало;
4) хIуманан хенан билгало.

**33. XIокху вариантехь дешан чаккхенгахь шала мукъаза «*лл*» хила ца деза:**
1) хIоттийна ба…;
2) хелхаран ба…;
3) муьста ба…;
4) зазадаьккхина ба...

**34. XIара предложени чолхе-карара йу:**
1) Ма-дарра аьлча, йуьртахь, да-нана долчохь, Iан лаьара суна.
2) Амма экха карзахе дIасауьдура, шена дада ков лоьхуш.
3) Байн хьокхуш мох а бара, цо хазош летачу жIаьлийн гIовгIанаш а йара.
4) Хуур ду-кх хIинца, ахь хьайн дош муха кхочушдо.

**35. XIокху вариантехь ду долахь цIердош:**
1) ШАЙХИ;
2) ШОРШАЛ;
3) ШИРДОЛАГ;
4) ШАГАТIУЛГ.

**36. Дешнийн схьадовлар Iамочу Iилманах олу:**
1) морфологи;
2) фразеологи;

3) этимологи;
4) диалектологи.

**37. ХIокху предложенехь дешан чаккхенгахь «*а*» хила деза:**
1) Малика кест-кеста шен совгIате хьож…
2) Со даима хьож… сайн дош кхочушдан.
3) Iайшат дика хьож… шен жимахволчу вешига.
4) Арара схьайеттало зезагийн хаза хьож...

**38. ХIинцалера нохчийн абат (алфавит) тIеэцна:**
1) 1920-чу шарахь;
2) 1925-чу шарахь;
3) 1938-чу шарахь;
4) 1927-чу шарахь.

**39. ХIокху дашо йохаллин барам ца гойту:**
1) мазал;
2) аьрша;
3) сажа;
4) чаккхарма.

**40. Латтаман дурс ду хIокху предложенехь:**
1) Iашура, ненан цхьаъ бен йоцу йоI, чIогIа качйина йара.
2) Тахана, оханан беттан иссалгIачу дийнахь, къовсаман хьалхара де ду.
3) Кхин охьа а ца лахлуш, къамеле йелира зуда.
4) Цуьнан да, Iилманча, дика вевзаш вара Нохчийчохь.

**41. ХIара цIердош дукхаллин терахьехь ца лела:**
1) сий;
2) са;
3) жамI;
4) мох.

**42.** ***Шина кIанта сиха кхочушдира шайна тIедиллина гIуллакх.***
**ХIокху предложенин грамматически лард йу:**
1) тIедиллина гIуллакх;
2) кIанта кхочушдира;
3) шина кIанта кхочушдира;
4) гIуллакх кхочушдира.

**43. ХIара дош суффиксан гIоьнца кхолладелла ду:**
1) жовхIар;
2) лазар;
3) забар;
4) зебар.

**44. ХIокху дешан чаккхенгахь «*I*» дилла деза:**
1) ба…;
2) хIо…;
3) ме…;
4) кха...

**45. ХIара билгалдош тIехдаларан даржехь ду:**
1) оьзда хьаша;
2) тIех лекха лам;
3) хаза гIиллакх;
4) дико хIусам.

**46. ХIокху вариантехь дакъалгаш йу:**

1) ур-атталла, данне а, теша, дера;
2) эхI, же, маржа-йаI, хIай-хIай;
3) амма, хIунда, аьлла, нагахь;
4) бакъду, йа, делахь а, ткъа.

**47. ХIокху вариантехь ду дийриг дожарехь нийса кеп йолу дешнаш:**

1) мархано, догIо, къонахо;
2) нано, йишо, вашо;
3) Лайлаа, ПетIамато, Султанс;
4) йовхоно, бабас, Сацитас.

**48. ХIара цIердош дукхаллин терахьехь бен ца лела:**

1) зIаьнарш;
2) йоькаш;
3) нахарш;
4) нахарташ.

**49. ХIара дош шина орамах кхолладелла ду:**

1) тIехтохам;
2) толамхо;
3) синкъерам;
4) сийлалла.

**50. ХIокху дешнийн автор ву:**

«***ХIора нохчо, нагахь санна шен халкъ а, Даймохк а безаш велахь, шен ненан мотт Iамош а, хууш а хила веза***».

1) Арсанукаев Iабдулла;
2) Айдамиров Абузар;
3) Сулейманов Ахьмад;
4) Джамалханов Зайнди.

# Нохчийн литература

**51. Нохчийчохь Советан Іедал дІахІоьттинчул тІаьхьа дуьххьара арадаьллачу «*Советская Автономная Чечня*» газетан коьрта редактор хилла:**

1) Айсханов Шамсудди;
2) Бадуев СаьІид;
3) Музаев Нурдин;
4) Эльдарханов Таьштамар.

**52. Нохчийн халкъан поэтан Айдамиров Абузаран цІарах музей схьайиллина:**

1) Соьлжа-ГІалахь;
2) Лаха-Неврехь;
3) Мескетахь;
4) Олхазар-кІотарахь;

**53. ХІокху могІанийн автор ву:**

***«Ненан мотт цахаар***
***Шен кхерч цаларар ду.***
***Кхерчан да цахилар***
***Маьттаза вахар ду»***

1) Арсанукаев Шайхи;
2) Саидов Билал;
3) Цуруев Шарип;
4) Шайхиев Іалвади.

**54. Исбаьхьаллин произведенин коьртачу ойланах… олу:**

1) эпиграф;
2) метафора;
3) тема;
4) идея.

**55. Нохчийн советски исбаьхьаллин литературехь дийцаран жанр йолийнарг ву:**

1) Айсханов Шамсудди;
2) Арсанов СаьІид-Бей;
3) Ошаев Халид;
4) Сальмурзаев Мохьмад.

**56. Нохчийн гІараваьллачу поэтан Сулейманов Ахьмадан цІарах музей схьайиллина:**

1) Мескетахь;
2) Лаха-Неврехь;
3) Олхазар-кІотарахь;
4) Соьлжа-ГІалахь.

**57. ХІара могІанаш нохчийн поэтан Мамакаев Іаьрбин… стихотворени йукъара ду:**

***«Сан лекхий***
***Йа лохий***
***Хила ца дезна.***
***Йуккъера стаг ву со,***
***Хьан Іин чохь кхиъна.***
***Кхиийнарг, Іамийнарг***
***Со нохчий беза,***
***Кавказ, хьо йара***
***Да-нана хилла»***

1) «Кавказе маршалла»;
2) «Кавказан кIант»;
3) «Кавказан латта»;
4) «Кавказе безам».

**58. ХIокху дешнийн автор ву:**

***«Элпаш ас ишколехь Iамийнехь а, оьшучу вастехь со йаздан Iамийнарг «Серло» газет ду».***

1) Айсханов Шамсудди;
2) Мамакаев Мохьмад;
3) Сальмурзаев Мохьмад;
4) Дудаев Iабди.

**59. Нохчийн исбаьхьаллин литературин бухбиллархо лору:**

1) Айсханов Шамсудди;
2) Бадуев СаьIид;
3) Дудаев Iабди;
4) Сальмурзаев Мохьмад.

**60. ХIокху могIанийн автор ву:**

***«Къонахашна зама йоцуш,***
***Хилла ма йац заманаш.***
***Замане ца ловзадойтуш,***
***Зама ловзо Iамалаш!»***

1) Айдамиров Абузар;
2) Исмаилов Абу;
3) Сулейманов Ахьмад;
4) Цуруев Шарип.

**61. Нохчийчохь Советан Iедал дIахIоьттинчул тIаьхьа дуьххьара нохчийн маттахь арадаьллачу газетан цIе хилла:**

1) «Ленинан некъ»;
2) «Серло»;
3) «Къинхьегаман байракх»;
4) «Даймохк».

**62. Нохчех схьаваьлла Россехь гIараваьлла хилла поэт ву:**

1) Александр Казбеги;
2) Кайсын Кулиев;
3) Константин Айбулат (Розен);
4) Коста Хетагуров.

**63. Поэта Дикаев Мохьмада йазйинчу гIарайаьллачу стихотворенин цIе йу:**

1) «Даймехкан косташ»;
2) «Нохчо ву со»;
3) «ЦIен-Берд»;
4) «Шуьнехь дош».

**64. ХIокху могIанийн автор ву:**

***«Шун оьзда гIиллакхаш Даймехкан безам бу,***
***Барт болуш гулдалар сан дагна хазна йу…»***

1) Арсанукаев Шайхи;
2) Мамакаев Iаьрби;
3) Мамакаев Мохьмад;
4) Саидов Билал.

**65. Билгалдаккха тӀадамийн метта маьӀница догӀу дош.**
***Нехан динара… вуссу.***
1) новкъахь;
2) хотталахь;
3) уьйтӀахь;
4) уьшалахь.

**66. Нохчийн Республикин йаздархойн Союзан правленино арахоьцучу литературин-исбаьхьаллин журналан цӀе йу:**
1) «Геланча»;
2) «Орга»;
3) «Таллам»;
4) «Йаздархо».

**67. Эла Мусостан олалла дожийна волу иллин турпалхо ву:**
1) Таймин Биболт;
2) Мадин Жаьммирза;
3) Адин Сурхо;
4) Жумин Акхтулла.

**68. Нохчийн гӀараваьллачу йаздархочо Бадуев СаьӀида кхаа жанрехь йазйина произведени йу:**
1) «ЦӀен гӀап»;
2) «ЦӀеран арц»;
3) «Бешто»;
4) «ПетӀамат».

**69. ХӀара могӀанаш нохчийн поэтан Гадаев Мохьмад-Салахьан… стихотворени йукъара ду:**

***«Берахь бӀаьрг биттина,***
***Къоначохь хьешна,***
***Къанвелча, тӀех дезна***
***Къонахийн латта!»***

1) «Дай баьхна латта»;
2) «РегӀара поп»;
3) «Даймахке сатийсар»;
4) «Генара кехат».

**70. Къоман литературехь йоккхачу эпически жанрехь чекхйаьлла йолу произведени – роман – дуьххьара йазйинарг ву:**
1) Арсанов СаьӀид-Бей;
2) Ахмадов Муса;
3) Арсанукаев Муса;
4) Бексултанов Муса.

**71. Произведени дӀайолалуш далийнчу, цуьнан коьрта маьӀна шайца гучудолучу говзачу дешнех… олу.**
1) долор;
2) кица;
3) эпиграф;
4) эпитет.

**72. ХӀокху илли тӀехь цхьаьна гайтина нохчийн барта кхоллараллехь гӀараваьлла вуьйцуш волу бархӀ турпалхо:**
1) «Адин Сурхон илли»;
2) «Аьккхийн Жанхотан илли»;
3) «Таймин Биболатан илли»;
4) «Эвтархойн Ахьмадан илли».

**73. Весетан кепехь йазйинчу «*ЦӀен-Берд*» стихотворенин автор ву:**
1) Ахмадов Муса;
2) Эдилов Хасмохьмад;
3) Сатуев Хьусайн;
4) Гадаев Мохьмад-Салахь.

**74. ХӀокху могӀанийн автор ву:**

***«Доьзалехь бийцар а дастам а хеташ,***
***Хьо винчу ненан мотт дӀатесна ахь.***
***«Сов къен бу дешнашна, бац атта кхеташ!»***
***Бохуш, и сийсазбан ца хета эхь».***

1) Айдамиров Абузар;
2) Арсанукаев Шайхи;
3) Саидов Билал;
4) Сулейманов Ахьмад.

**75. Маттах лаьцна хӀара дешнаш аьлла:**
**«Шен махке болу бакъ безам шен матте бацахь, маьӀна долуш бац!».**
1) Константин Паустовскийс;
2) Лев Толстойс;
3) Николай Яковлевс;
4) Петр Услара.

**76. Нохчийн литературехь берийн йаздархо ларалуш ву:**
1) Окуев Шима;
2) Арсанов СаьӀид-Бей;
3) Мамакаев Мохьмад;
4) Гайсултанов Ӏумар.

**77. Гуьржийн йаздархочун Шота Руставелин «*ЦӀоькъалоьман цӀокалахь турпал*» поэма нохчийн матте гочйинарг ву:**
1) Гадаев Мохьмад-Салахь;
2) Музаев Нурди;
3) Сулаев Мохьмад;
4) Сулейманов Ахьмад.

**78. ГӀараваьлла поэт Мамакаев Ӏаьрби кхелхина шен доттагӀ волчу хьошалгӀа ваханчохь:**
1) Айдамиров Абузаран хӀусамехь;
2) Гадаев Мохьмад-Салахьан хӀусамехь;
3) Мамакаев Мохьмадан хӀусамехь;
4) Рашидов ШахӀидан хӀусамехь.

**79. Нохчийн къоман коьрта библиотека хӀокху йаздархочун цӀарах йу:**
1) Айдамиров Абузаран;
2) Арсанов СаьӀид-Бейн;
3) Арсанукаев Шайхин;
4) Ахматова Раисин.

**80. Карарчу заманахь Нохчийн Республикин йаздархойн Союзан правленин председатель ву:**
1) Ахмадов Муса;
2) Ахматукаев Адам;
3) Ельсаев Ӏаламад;
4) Цуруев Шарип.




**«Муьлххачу а йукъараллин декхар ду шен ненан мотт Іалашбар, кхиор, тІекхуьуш йолчу тІаьхьенашка халкъан синхазна дІакховдор».**

**Кадыров Ахьмад-Хьаьжин Рамзан, Нохчийн Республикин Мехк-Да, Россин Федерацин а, Нохчийн Республикин а Турпалхо, Кадыров Ахьмад-Хьаьжин орденан кавалер**